



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI Y AP PRAN KONT ENDISTRI OPYOYID LA
POU REKIPE 2 MILYA DOLA NAN LAJAN YO TE FÈ PEYE ANPLIS POU
NOUYÒKÈ YOTE ESKWOKE YO**

***Anpil Milyon Konsomatè ak Anpil Milye Ti Biznis New York te Peye 2 Milya Dola
Anplis sou Fòm Prim Kriz Opyoyid la Kreye***

***Depatman Sèvis Finansye a pral Itilize Otorite yo Genyen sou Endistri Asirans
New York la pou Asire yo Enpoze tout Amann Nesesè yo kont Prensipal Konsène
yo nan Endistri a epi pou Nouyòkè yo Resevwa Restitasyon***

DFS pral òganize Odyans Toupatou nan Eta pou Mete Aksan sou Pwoblèm lan

***Sa fè pati Efò Agresif a Plizyè Volè Gouvènè Cuomo Kontinye ap fè pou l Pwoteje
Nouyòkè yo kont Epidemi Opyoyid Nasyonal la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) ap pran mezi kont fabrikan, distribitè ak jesyonè asirans medikaman opyoyid yo pou yo sekirize 2 milya dola an favè konsomatè New York yo ki te pote fado epidemi opyoyid k ap kontinye la sou zepòl yo sou fòm prim asirans ki pi chè.

"Mwen te wè yon bon valè eskwokri ak fwòd, men eskwokri opyoyid la pi dyabolik, pi san wont, pi odye, epi pi blesan pase tout lòt bagay m te ka wè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Konpayi famasetik sa yo te byen konnen kisa yo t ap fè. Li pa te rive pa aksidan - se te yon konplo ki te anvayi tout endistri a nèt. Domaj yo te lakoz la san mezi - li te koute anpil moun lavi yo ak anpil milya dola, epi yo te reyisi fè l an kachèt pandan plizyè deseni. Nou p ap ka akite konpayi famasetik yo pou lanmò yo lakoz yo, epi n ap pran yon seri mezi pou n asire ke yo pa akite yo."

"Mwen te wè lapèn epidemi opyoyid la te lakoz paske m te rankontre ak fanmi nan kominote yo toupatou atravè eta a, pami yo kominote m lan tou", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Ko-prezidan Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid Eta New York la (NYS Heroin and Opioid Task Force), te deklare.** "Mezi sa Depatman Sèvis Finansye a ap pran pral fè fabrikan ak distribitè yo asime responsablite yo pou domaj yo te lakoz yo. Nouyòkè yo te soufri konsekans piblisite twonpez pou opyoyid yo - ki te lakoz anpil preskripsyon eksesiv ak adiksyon. Nou pran angajman pou n pwoteje konsomatè yo epi jwenn solisyon efikas pou mete fen nan kriz sa epi sove anpil lavi."

Depatman Sèvis Finansye a te detèmine ke yo estime konsomatè New York yo te peye 2 milya dola anplis sou fòm prim asirans pandan 10 zan ki sot pase yo. Yo te rive fè peman sa a anplis akoz pri ki asosye ak fos reprezantasyon fabrikan opyoyid yo te fè

sou sekirite ak efikasite opyoyid yo - ki an retou te lakoz preskripsyon eksesiv pou opyoyid, plis tretman pou adiksyon ak tretman pou lòt efè segondè negatif ki asosye ak adiksyon opyoyid yo. DFS pral chache fè endistri opyoyid la peye amann ak restitasyon yo, epi l ap bay konpayi asirans yo lòd pou yo konplètman kowopere avèk mezi sa yo.

Anplis de sa, DFS pral òganize odyans toupatou nan eta a pou yo ekspoze pwoblèm lan devan konsomatè yo epi jenere transparans konsènan efè yo genyen sou sistèm asirans sante a.

DFS te emèt yon asiyasyon ak demann pou yo bay lòt dokiman pou fabrikan ak distribitè opyoyid yo, konpayi asirans ak jesyonè asirans medikaman Eta New York otorize yo -- oswa PBM - pou yo chache jwenn restitasyon kont endistri a paske anpil milye ti biznis ak anpil milyon Nouyòkè te debouse plis pase yon milya dola nan prim yo ogmante yo ak depans kriz opyoyid la te kreye yo.

Jiskaprezan PBM yo pa te jeneralman objè ankèt sou opyoyid yo te fè onivo tout peyi a. PBM yo se administratè tyès pati yo ye oswa yo se "entèmedyè" ant fabrikan opyoyid yo ak konpayi asirans yo. Yo tabli lis ki gen plizyè nivo pou kouvèti medikaman preskripsyon yo ofri anba politik asirans yo, epi yo negosye rabè ak kredi fabrikan ak distribitè yo peye yo. DFS te resevwa enfòmasyon ke fabrikan medikaman opyoyid yo, founisè medikaman opyoyid angwo yo oswa distribitè medikaman opyoyid yo te ka peye kèk PBM rabè an echanj pou yo mete yon medikaman opyoyid preskripsyon nan yon nivo fòmilè medikaman favorab nan asirans lan ki gen kopeman ki pi ba - ki nan sèten sikonstans, sa ka vyole règleman asirans sante federal ak eta yo.

Fabrikan ak Distribitè Opyoyid yo	Jesyonè Asirans Medikaman yo (PBMs)	Konpayi Asirans yo
Actavis LLC	Aetna Health Management LLC	Aetna Health Inc. ak Aetna Health Insurance Company
Actavis Pharma, Inc.	Caremark PCS Health LLC	Capital District's Physicians' Health Plan
Allergan Finance LLC	DST Pharmacy Solutions, Inc (f/k/a Argus Health Systems, Inc.)	Care Connect Insurance Company Inc. (Northwell Health)
Cephalon Inc.	Express Scripts Inc.	CIGNA Health Care of New York Inc.
Endo Health Solutions Inc.	IngenioRx Inc.	Crystal Run Health Insurance Company ak Crystal Run Health Plans LLC
Endo Pharmaceuticals Inc.	Navitus Health Solutions	EmblemHealth
Janssen Pharmaceuticals Inc.	OptumRx Inc.	Empire HealthChoice Assurance Inc. ak Empire HealthChoice HMO
Johnson & Johnson	Pharmacy Benefit Dimensions	Execellus Health Plan Inc ak Execellus Health Plan HMO

Mallinckrodt LLC	Salus IPA LLC	New York Quality Healthcare Corporation (Fidelis)
Ortho-McNeil-Janssen Pharmaceuticals Inc.	MedImpact Healthcare Systems, Inc.	HealthFirst
Par Pharmaceutical Companies Inc.		HealthNow New York Inc
Par Pharmaceuticals Inc.		HealthPlus Health Plan LLC
Purdue Pharma Inc.		Independent Health Association Inc. ak Independent Health Benefits Corporation
Purdue Pharma L.P.		Metro Plus Health Plan Inc
Teva Pharmaceuticals USA, Inc.		MVP Health Plan ak MVP Health Insurance Company
The P.F. Laboratories Inc.		Oscar Insurance Corporation
The Purdue Frederick Company Inc.		United HealthCare of New York Inc., Oxford Health Plans, ak Oxford Health Insurance Inc.
Watson Laboratories Inc.		
AmerisourceBergen Drug Corporation		
Bellco Health Corp.		
Kinray Inc.		
McKesson Corporation		
Rochester Drug Cooperative Inc		
Janssen Pharmaceutica, Inc.		
SpecGx LLC		
Cardinal Health, Inc.		
The Sackler Family		
Beverly Sackler		
David A. Sackler		
Ilene Sackler Lefcourt		
Jonathan Sackler		
Kathe A. Sackler		
Mortimer D.A. Sackler		
Richard S. Sackler		
Theresa Sackler		

DFS se regilatè asirans sante nan New York, yo gen otorite legal byen klè pou yo enpoze amann pou jiska 5,000 dola pou chak enfraksyon anplis montan reklamasyon fwodilez la.

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare, "Nenpòt fos reprezantasyon entansyonèl fabrikan ak distribitè opyoyid yo ak PBM yo te fè pral lakoz anpil fado finansye pou konsomatè ak konpayi asirans sante Eta New York otorize yo. DFS responsab pou sipèvize endistri asirans New York la epi bay nòt revizyon pou konsomatè yo epi otorite eksplisit pou yo fè ankèt sou fwòd asirans. DFS pral itilize tout zouti nou genyen disponib pou nou pran mezi apwopriye pou n pwoteje konsomatè yo ak endistri asirans sante a nan New York".

Konsomatè ki swete depoze yon plent ka fè sa nan www.dfs.ny.gov/complaint. Ou ka kontakte Liy Asistans Konsomatè a nan (800) 342-3736, soti Lendi rive Vandredi, ant 8:30 a.m. a 4:30 p.m.

Depi lè li pran pouvwa, Gouvènè Cuomo te mete sou pye yon apwòch agresif a plizyè volè pou rezoud flewo epidemi opyoyid la, epi li te kreye yon sekans swen pou adiksyon k ap trase chemen an pou nasyon an, ki gen ladan prevansyon, tretman ak sèvis rekiperasyon konplè. Pou konbat epidemi sa a, Gouvènè a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki gen ladan pwogram sèvis kriz yo, pasyan ki etène yo, pasyan ekstèn yo, ak pwogram tretman rezidansyèl yo, ansanm ak sèvis tretman alèd medikaman, ak tretman mobil ak sèvis transpò yo.

An 2016, Gwoup Travay sou Ewoyin (Heroin Task Force) ke Gouvènè Cuomo te mete sou pye a te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl yo, ki gen ladan sant rekiperasyon yo, fwaye pou jèn yo, agrandi sèvis sipò kamarad yo, ak sant aksè ki ouvri 24 sou 24, 7 jou sou 7 yo, ki ap bay evalyasyon ak referans imedya a swen.

Depi lè sa a, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote toupatou atravè eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè a swen pi pre kote yo ap viv la.

Gouvènè a te pwopoze refòm lejislatif ak reglemantè pou pèmèt moun jwenn tretman pi rapid lè yo elimine divès restriksyon sou asirans yo, ansanm ak pwojè lwa pou redwi dire pifò preskripsyon pou opyoyid yo soti 30 jou pou vin sèt (7) jou, ak pwojè lwa pou ogmante opòtinite fòmasyon ak edikasyon pou moun ki gen otorizasyon pou preskri medikaman yo. Gouvènè Cuomo te pran mezi tou pou konbat sèvis koutye ilegal pasyan yo ak sèvis tretman pou adiksyon ki twonpè yo.

Gouvènè a te travay tou pou ogmante fòmasyon ak disponibilite naloksòn, sa ki ap lakòz plis pase 420,000 moun nan Eta New York resevwa fòmasyon epi k ap ekipe ak medikaman ranvèsman dozaj ekseksif opyoyid. Gras a mezi Gouvènè Cuomo te pran yo, kounye a famasi toupatou nan Eta New York yo kapab ofri naloksòn san yon preskripsyon.

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)

